# СТУДЕНТ ЖАСЛАРДА СИЯСИЙ ТӘРБИЯ КӨНЛИКПЕСИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ – ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ЗӘРҮРЛИК СЫПАТЫНДА

**Ешимбетова Гулзар Турымбетовна –** *еркин излениўши*
eshimbetovagulzar88@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалык институты*

# РАЗВИТИЕ НАВЫКОВ ПОЛИТИЧЕСКОГО ВОСПИТАНИЯ У СТУДЕНЧЕСКОЙ МОЛОДЕЖИ КАК ПЕДАГОГИЧЕСКАЯ НЕОБХОДИМОСТЬ

**Ешимбетова Гульзар Турымбетовна –** *самостоятельный соискатель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# DEVELOPING POLITICAL EDUCATION SKILLS AMONG STUDENTS AS A PEDAGOGICAL NECESSITY

**Eshimbetova Gulzar Turymbetovna –** *independent researcher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** сиёсий тарбия, олий таълим, таълим-тарбия, маънавият ва маърифат, педагогик соҳа, педагогик модернизация.

**Резюме.** Мақолада бугунги куннинг долзарб масалаласидан бири бўлган ёшларнинг сиёсий саводхонлигини ошириш, бу борада олиб борилаётган ишлар ҳолати ва педагогика фани олдида турган асосий йўналишларга қаратилган.

**Ключевые слова:** политическое воспитание, высшее образование, образование и обучение, духовность и просвещение, педагогическое сектор, педагогическая модернизация.

**Резюме.** В статье рассматривается один из самых актуальных вопросов современности – повышение политической грамотности молодежи, состояние работы в этом направлении и основные направления развития педагогики.

**Key words:** political education, higher education, education and training, spirituality and enlightenment, pedagogical sector, pedagogical modernization.

**Summary.** The article examines one of the most pressing issues of our time – increasing the political literacy of young people, the state of work in this area and the main directions of development of pedagogy.

**Кирисиў.** Мәмлекетимизде жаслар тәрбиясы мәселесинде әмелге асырылып атырған руўхый-ағартыўшылық жумыслардың тийкарғы мәниси ҳәм баслы мақсети – бүгинги глобализация процесинде халқымыздың мәнаўиятын жат идеялардан қорғаў, әзелий миллий қәдириятларымызды сақлап қалып, раўажландырыў, жасларымызды Ўатанымызға, миллий идеямызға садықлық руўхында тәрбиялаў болып есапланады. Соның ушын да, Ҳүрметли Президентимиз тәрепинен: «Дүнья тез пәт пенен өзгерип, турақлылық ҳәм халықлардың раўажланыўына зыян келтиретуғын түрли жаңа қәўип-қәтерлер пайда болып атырған бүгинги күнде мәнаўият ҳәм ағартыўшылыққа, халықтың барлық қатламларының әдеп-икрамлылық тәрбиясына итибар қаратыў ҳәр қашанғыдан да үлкен әҳмийетке ийе болмақта», – деп айрықша атап өтиледи [1].

Жоқары педагогикалық билимлендириў процесинде студентлердиң сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыў ҳәм де олардың жәмийетте мүнәсип ҳәм белсенди жәмийетлик-сиясий искерлигин тәмийинлеўдиң әҳмийетли шәрти сыпатында көринеди. Бул машқаланың педагогикалық зәрүрлиги бир неше себеплерге байланыслы болып, оны илимий жақтан изертлеў ҳәм тийкарлаў мәселениң мәнисине илимий қатнас жасаўды талап етеди.

**Талқылаў ҳәм нәтийжелер.** Бизге белгили, педагогикада ***«раўажландырыў»*** түсиниги объектив процесс сыпатында қаралып, сыртқы ҳәм ишки басқарылатуғын факторлар тәсиринде зат-ҳәдийселердеги бар сапа ҳәм белгилердиң аңсаттан қыйынға, әпиўайыдан қурамалыға, абстракттан анықлыққа, төменнен жоқарыға өтиў процеси түсиниледи. Усы тәрептен сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыў дегенде биз төмендегилерди нәзерде тутамыз:

а) студентлердиң сиясий билими, сиясий санасезими, сиясий әдеп-икрамлылығы ҳәм сиясий жумысқа байланыслы көнликпе ҳәм тәжирийбелеринде сапа өзгерислерин ислеў;

б) бул исте жоқары педагогикалық билимлендириў имканиятларынан өнимли пайдаланыў;

в) усы жумысты шөлкемлестириўде тәлим-тәрбия процесин күшейтиў;

г) бунның ушын аңсаттан қыйынға, әпиўайыдан қурамалыға, абстракттан анықлыққа ҳәм төменнен жоқарыға принциплерине тийкарланыў нәзерде тутылады. Бундай көзқарас студентлердиң тәрбия көнликпесин раўажландырыўда тийкарғы фактор болатуғыны сөзсиз. Жоқары педагогикалық билимлендириў процеси студентлердиң сиясий тәрбия көнликпесин ақыл, билим, оқыў ҳәм мийнет сыяқлылар арқалы раўажландырыўдың үлкен имканиятларына ийе.

Педагогика тәлим бағдары студентлериниң сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыўдың педагогикалық зәрүрлиги усы факторлар менен байланыслы кең көлемли мазмунға ийе. Бул тәлим-тәрбия системасында бақланып атырған төмендеги әҳмийетли процеслер менен тиккелей байланыслы:

- тәлим-тәрбия процесине социаллық талаплар көлеминиң артып барыўы;

- тәлим-тәрбия мәмлекет сиясатының таянышы болыўы;

- жас әўладты ўатан сүйиўши ҳәм инсаныйлық шахс сыпатында камалға келтириўдиң социаллық ҳәм сиясий факторға айланыўы;

- мәмлекет ҳәм жәмийеттиң миллий сиясаты ҳәм идеологиясын әмелге асырыўда ақылға уғрас бағдарлама болыўы.

Бәринен бурын, болажақ педагог кадрлардың жоқары дәрежедеги сиясий мәдениятқа ийе болыў

мәселесине жәмийеттиң социаллық буйыртпасы сыпатында қараў керек. Бул социаллық буйыртпа төмендеги зәрүрликлердиң туўындысы сыпатында жүзеге келген:

- мәмлекетимизде демократиялық принциплерге сай мәмлекет қурылысы ҳәм басқарыўы қәлиплести;

- жәмийетимизде пүткиллей жаңа ҳәм демократиялық қәдириятларға тийкарланған социаллық турмыс қурылмақта;

- бул факторлар әҳмийетли социаллық категория болған болажақ муғаллимлердиң талап дәрежесинде сиясий мәдениятқа ийе болыўын талап етпекте;

- сиясий мәдениятлы педагог кадрлар жас әўладты сиясий билимли, саналы, әдеп-икрамлы ҳәм белсенди шахслар етип тәрбиялаўға уқыплы болады ҳәм жәмийетте сиясий мәдениятлылық үлгисин көрсетеди;

- буған ерисиў ушын студентлердиң сиясий мәденияты оптимал ҳәм оператив түрде қәлиплестирилиўи керек. Қолайлылық ҳәм тезлик инновациялық ҳәм педагогикалық технологияларга тийкарланыўды билдиреди [2].

Студент жасларда сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыўдың педагогикалық зәрүрлигинде мине усы социаллық буйыртпа бирлемши түрде аңланыўы лазым. Көпшилик жағдайларда социаллық буйыртпаны есапқа алмаў тәлим-тәрбия процесин күтилген дәрежеде жаңалаў ҳәм оның нәтийжелилигин арттырыўға тосқынлық етеди. Усы мәселеге итибар берилсе, студентлердиң сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыўға қойылып атырған социаллық буйыртпа әҳмийетли педагогикалық машқала сыпатында көринеди. Бизиңше, бунда төмендегилерге итибар бериў зәрүрликке айланады:

а) сиясий мәдениятлы педагог кадрлар социаллық ҳәм педагогикалық нызамлылықларға тийкарланып сиясий жумыс алып барыўы;

б) олар жас әўладты сиясий жақтан жетик руўхта тәрбиялаўы ҳәм жәмийетти оған шақырыўы;

в) жәмийетте инсан, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерине сәйкес келмейтуғын сиясий бойсыныўшылық, белсендилик, бийпәрўалық, өзимшиллик сыяқлы иллетлерге қарсы гүресиўлери лазым болады.

Глобалласыў процесслери жүз берип атырған бүгинги дәўирде жәмийетлик турмыстың жедел ҳәм соның менен бирге тәртипли болыўы, онда турақлы раўажланыўдың тәмийинлениўи, инсан, жәмийет ҳәм мәмлекет қатнасықларының және де күшейиўи болажақ оқытыўшылардың сиясий мәдениятының дәрежесине байланыслы. Сиясий мәдениятлы муғаллим жас әўладқа мәмлекетлик белгилерди әпиўайы тилде түсиндириўден баслап, олардың санасы ҳәм қәлбине ўатансүйиўшилик сезимин сиңдириў ҳәм оны үгитнәсиятлаў сыяқлы жуўапкершиликли ўазыйпаларды атқарады. Усы көзқарастан қарағанда, инсаныйлық, халықшыллық ҳәм ўатансүйиўшилик принцплерине тийкарланған сиясий идея сиясий мәденияттың тийкарын қурайды.

Студентлердиң сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыўдың педагогикалық зәрүрликлериниң және бири жәмийетимизде демократиялық қәдириятлардың тереңлесип барыўы менен түсиндириледи. Бүгинги күнде жәмийетлик турмысымызда инсан, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң өз ара мәпдарлығы күшейди, адамлар ҳәм әсиресе, жасларда еркин жасаў, еркин билим алыў, еркин пикирлеў сыяқлы демократиялық қәдириятлар қәлиплести, анық ҳәм идеал арзыў-мақсетлерге умтылыў сезими артып бармақта. Соның менен бирге, жаслардың санасы ҳәм қәлбин сиясий бийпәрўалық, өзимшиллик, исенимсизлик, адасыўшылық сыяқлы иллетлерден қорғаў көлеми де кеңейип бармақта. Мысал ушын, ер жеткен жас әўлад сайлаў ҳуқықынан терең хабардар болыўы керек. Буның нәтийжесинде сайлаў процесслерин жеделлик пенен өткериў ҳәм онда сиясий мәдeният және белсендилик пенен бузғыншы ҳәм жәнжелпаз кимселердиң жумысына сиясий тосқынлық қойыўға ерисиледи. Демек, буларға ерисиў болажақ оқытыўшылардың сиясий тәрбия көнликпесиниң раўажланғанлық дәрежеси, сиясий тәрбия принциплерине тийкарланған тәлим-тәрбия процесин шөлкемлестириў сыяқлы бир қатар факторларға байланыслы болып өтеди.

Жоқары педагогикалық билимлендириў процеси студентлерде сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыўдың және бир педагогикалық зәрүрлиги билимлендириўдиң избе-излиги ҳәм үзликсизлигин тәмийинлеў менен байланыслы. Изертлеўшилердиң пикиринше,... «избе-излик мазмун, үзликсизлик форма қубылысы есапланады. Яғный, билимлендириў мазмунының тәбийий избе-излигин тәмийинлеў, бунда билим алыўшылардың жас ҳәм физиологиялық өзгешеликлерин есапқа алыў үзликсизликти тәмийинлейди. Избеизлик белгили бир билимлендириў түри шеңберинде де, билимлендириў түрлери арасында да бақланыўы мүмкин. Үзликсизлик болса билим бериў түрлериниң өз ара избе-излигинде (ямаса белгили пәнниң мазмунын жарытыўда) бослықтың болмаўы менен жүз береди. Демек, избе-излик ҳәм үзликсизлик өз ара байланыслы, уқсас, соның менен бирге, өз алдына ҳәдийселер болып, олардың тәмийинлениўи билимлендириў сапасына тиккелей байланыслы ҳәм билимлендириў түрлери арасындағы қатнаста бас мәселе сыпатында қаралыўы лазым» [3].

Демек, сиясий тәрбия түсиниги менен байланыслы пикирлерди билимлендириў мазмунына сиңдириў үзликсизлик, оның басқышлар кесиминдеги мазмунын тәмийинлеў үзликсизлик сыпатында қаралыўы лазым. Усы тәрептен итибар берилсе, баслаўыш билимлендириў бағдары студентлериниң сиясий мәденияты улыўма орта билимлендириў ҳәм қосымша билимлендириў қуралы басқышында дәслепки дәрежеде қәлиплеседи. Бул басқышта болажақ студентлердиң сиясий мәдениятқа байланыслы көнликпе ҳәм уқыплылығы «Ана тили», «Оқыў», «Тарийх», «Тәрбия» сыяқлы бир қатар пәнлерди оқытыў арқалы қәлиплестириледи. Сол себепли студентлердиң сиясий мәдениятын жоқары педагогикалық билимлендириў процесинде күшейтиўди зәрүрлик деп есаплаў илимий тийкарға ийе.

Негизинде шахс пүткил искерлиги даўамында сиясий мәдeният ҳәм сиясий тәрбия тийкарларын өзлестирип барады [4]. Бирақ шахс тийкарғы түсиник, көнликпе ҳәм уқыплылықларды тәлим-тәрбия процесинде алатуғыны белгили.

**Жуўмақ.** Анализлеримиз нәтийжесинде, сиясий мәдeният өзиниң мазмун-мәниси менен студентлерди усы биринши көзқарас руўхында тәрбиялаўы мәлим болды. Сиясий тәрбия нәтийжесинде жасларда маргиналлық, есхатизм, егоцентризм сыяқлы сиясий

иллетлер сапластырылады. *Маргиналлық* – бул шахстың жәмийет турмысынан өзин алып қашыўы, *есхатизм* - басқа халықлар үрп-әдетлерин нормадан артық жақсы көриў ҳәм *егоцентризм* – өз мәплерин үстин қойыў болып табылады [5]. Бул жағдайлар тиккелей сиясий мәдениятсызлықтың унамсыз иллетлери болып табылады.

Сондай-ақ, мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыўдың ҳәзирги басқышында сиясий турмыс реалласып бармақта. Бул болса ҳәр бир адамнан сиясий белсендиликти талап етпекте. Сиясий мәдeният бул процесте студентлерди ғәрезсиз сиясий искерликке таярлайды. Олар сиясий искерлик көрсетиў көнликпеси ҳәм тәжирийбесин ийелейди. Бир сөз бенен айтқанда, студент жасларда сиясий тәрбия көнликпесин раўажландырыў кең көлемли педагогикалық зәрүрликти көрсетеди.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. Янги Ўзбекистон стратегияси. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2021.
2. Усманов Н. Бўлажак ўқитувчиларни миллий ғоя тарғиботига инновацион ва педагогик технологиялари. –Тошкент: «Фан ва технологиялар», 2012.
3. Мухамедов Ғ., Ходжамқулов У., Тоштемирова С. Педагогик таълим инновацион кластери. – Тошкент: «Университет», 2020.
4. Дугин А. Политическая философия. – Москва: «Мысль», 2005.
5. Абущенко В. Социально – философский словарь. – Москва: «Аспект-Пресс», 2008.